**दिन—सोमवार** **दिनांक—09.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार सभ राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ के मंकीपॉक्स के संदिग्ध मामिलाक जांच आ परीक्षण करबाक लेल कहलक अछि। केन्द्रीय स्वास्थ्य सचिव अपूर्व चंद्र एहि संबंध मे सभ राज्यक मुख्य सचिव के परामर्श जारी कयलनि अछि। परामर्श मे मंकीपॉक्स के लऽकऽ जागरूकता बढ़बाक आ लोक सभ मे व्यापप्त डऽर के रोकबाक लेल निवारक उपाय अपनेबा पर जोर देल गेल अछि। मंत्रालय वरिष्ठ अधिकारी लोकनि द्वारा राज्य आ जिला स्तर पर स्वास्थ्य सुविधा, विशेष कऽ जनस्वास्थ्य सँ संबंधित तैयारी सभ समीक्षा करबाक परामर्श सेहो देलक अछि। राज्य सभ के संदिग्ध आ पुष्ट दुनू मामिलाक देखरेख करबाक लेल अस्पताल सभ मे पृथकवास सुविधा आ आवश्यक लॉजिस्टिक्स आ प्रशिक्षित मानव संसाधन के उपलब्धता के पहचान करबाक लेल सेहो कहल गेल अछि। स्वास्थ्यकर्मी मे विशेष कऽ चर्म, यौन संचरित बीमारी सभक क्लीनिक आ राष्ट्रीय एडस नियंत्रण संगठनक क्लीनिक के स्वास्थ्य प्रोटोकॉलक अनुपालन करबाक लेल कहल गेल अछि। श्री चंद्र कहलनि जे केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय स्थिति के निगरानी करब जारी राखत आ राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ के ससंभव सहायता प्रदान करत।

---

वस्तु आ सेवाकर परिषदक चौवनम बैसक आइ नव दिल्ली मे आयोजित कयल गेल। केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामण के अध्यक्षता मे भेल एहि बैसक मे वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरी आ राज्य सभक वित्तमंत्री उपस्थित छलाह। प्राप्त जनतबक अनुसार परिषद तीर्थयात्रा पर जीएसटी दर अठारह प्रतिशत सँ घटा कऽ पांच प्रतिशत करबाक मांग स्वीकार कऽ लेलक अछि। ओतहि, बैसक मे छोट डिजिटल लेनदेन पर टैक्स लगेबाक विषय मे कोनो निर्णय नहि भऽ सकल।

---

प्रदेश मे आब पशु सभक इलाज घर पर होयत। एहि लेल राज्य सरकार किसान पशुपालक ऐप, कॉल सेंटर आ मोबाईल पशु चिकित्सा इकाई के शुरूआत कयलक अछि।मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पांच सय चौंतीस मोबाईल चिकित्सा बैन के विभिन्न प्रखंड

के लेल विदा कयलनि। संगहि ओ मोबाईल ऐप आ कॉल सेंटर के लोकार्पण कयलनि। पशुपालक ऐप अथवा कॉल सेंटर के टोल फ्री नंबर एक नओ छओ दू पर पशुपालक लोकनि भोरे नओ बजे सँ सांझ पांच बजे धरि निःशुल्क पशु चिकित्सक सँ संपर्क कऽ सकैत छथि। मोबाईल पशु चिकित्सा इकाई के टीम घर पर जा कऽ चिकित्सा सुविधा उपलब्ध करौताह। संगहि दवाई सेहो निःशुल्क देल जायत। राज्यक पशु पालन मंत्री रेणु देवी जनौलनि जे कॉल सेंटर मे टेलीमेडिसिनक सुविधा सेहो उपलब्ध रहत। एहि लेल एक हजार एक सय चिकित्सक लोकनिक तैनाती कयल गेल अछि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे केन्द्र आ राज्य सरकारक संयुक्त प्रयास सँ शुरू कयल गेल एहि योजना सँ सभ प्रखंड मे पशु सभ के अत्याधुनिक इलाजक सुविधा उपलब्ध होयत।

---

केन्द्रीय सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्रालय चालू वित्तिय वर्ष मे बिहारक राष्ट्रीय उच्च पथ परियोजनाक लेल छब्बीस हजार सात सय दस करोड़ टाका स्वीकृत कयलक अछि। ई एखन धरिक बिहार के देल गेल सभ सँ बेसी राशि अछि। एहि राशि के मंत्रालयक दिस सँ राज्यक सड़क परियोजना सभ पर खर्च कयल जायत।

---

पटना के ज्ञान भवन मे पंचायती राज प्रतिनिधि लोकनिक तीन दिवसीय राष्ट्रीय कार्यशाला काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। पंचायती राज विभागक अपर मुख्य सचिव मिहिर कुमार सिंह जनौलनि जे एहि कार्यशाल मे बिहार सहित सत्ताईस राज्य आ पांच केन्द्रशासित प्रदेश सभक लगभग तीन सय प्रतिनिधि लोकनि सम्मिलित होयताह।

---

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत सुपौल मे सभ सँ बेसी बियालीस दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। ओतहि, दरभंगा के हायाघाट मे पैंतीस दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि अगिला अड़तालीस घंटा मे राज्यक बेसीतर भाग मे छिटपुट वर्षा हेबाक संभावना अछि। एहि दरमियान किछु ठाम मेघ गरजबाक संगहि ठनका खसबाक सेहो संभावना अछि। एम्हर, अररिया जिलाक रानीगंज प्रखंड क्षेत्रक बहियार गाम मे वर्षा के दरमियान ठनका खसबाक घटना मे एकहि परिवारक तीन गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि चारि आन गोटा घायल भऽ गेलाह।

---

प्रदेश मे डेंगू के नव मामिला भेटबाक क्रम लगातार जारी अछि।  पछिला चौबीस घंटा मे विभिन्न जिला सभ सँ पचपन नव मामिला सोझा आयल अछि। सभ सँ बेसी सत्ताईस मरीज पटना सँ भेटल अछि। स्वास्थ्य विभागक अनुसार एहि वर्ष एखन धरि डेंगू के एक हजार एक सय तेईस मामिला सोझा आबि चुकल अछि।

---

पटना सिटी के मंगल तलाबक लऽग अपराधी सभ लूटपाट के घटनाक विरोध करबा पर भाजपा नेता श्यामसुंदर शर्मा के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। घटना सँ आक्रोशित लोक सभ पटना सिटी–गांधी मैदान रोड के जाम कऽ प्रदर्शन कयलनि।

अररिया जिलाक एक अदालत आर्म्स एक्ट के एक मामिला मे दोषी मोहम्मद राहिद के दू वर्षक कारावास आ पांच हजार टाका अर्थदंडक सजा सुनौलक अछि।

---

समाप्त